Wikipédia

Basa Romansh

Basa Romansch, utawa *Rhaeto-Romansch* iku kalebu kulawarga basa Roman. Basa iki dipituturaké ing pérangan kidul-wétan Swiss, ya iku ing kanton Graubünden (Grisons utawa Grigioni), lan kalebu siji saka papat basa nasional sing dipigunakaké ing Swiss. Duwé akèh kamiripan langsung karo basa Italia, saiki panutur basa iki mung watara 6000 wong lan kalebu salah siji basa sing kaancam cures. Ing antarané, sanajan diakoni minangka salah siji basa nasional ing Swiss, nanging basa Romansch ora éntuk status minangka basa resmi. Sapérangan usaha wis dilakokaké kanggo nglestarèkaké basa Romansch, ing antarané lumantar pangajaran basa iki ing tingkat sekolah dhasar lan diterbitaké uga literatur-literatur sastra. Nanging ing papan asalé waé, sajeroning kauripan sadina-dina, prabawa basa iki sithik banget. Ora ana koran padinan sing terbit sajeroning basa iki, sanajan ana koan rong minggonan sing terbit sajeroning basa Romansch. Saiki panggunaan basa Romansch wis wiwit luntur lan ing laladan Graubünden dhéwé, sajeroning sakèhing médhia massa, parembugan umum nganti tekan panuduh dalan waé kalungguhané wis digantèkaké déning basa Jerman.

Conto basa Romansch bisa dideleng sajeroning jeneng resmi Swiss. Ing ngisor iki wujud jeneng resmi Swiss sajeroning papat basa nasionalé:

- Jerman: *Schweizerische eidgenossenschaft*
- Prancis: *Confederation suisse*
- Italia: *Confederazione Svizzera*
- Romansch: *Confederaziun Svizzra*

Uga delengen

- Basa ing Swiss

Artikel iki minangka artikel rintisan. Kowé bisa ngéwangi Wikipédia ngembangaké (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Romansh&action=edit).